ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№124 (24.250) • 2021 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ЦIыхубэм я къыщхьэщыжакIуэ

## КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

*Дызыхуэкlуэ блыщхьэм къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу къэрал, политикэ лэжьакlуэ гъуэзэджэ КIуэкIуэ Валерэ. Абы ирихьэлIэу ди республикэми къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми зэIущIэхэр, щIэныгъэ-практикэ конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр щокIуэкI. Дэри «Адыгэ псалъэм» и нобэрей къыдэкIыгъуэм и 1-3-нэ напэкIуэцIхэр а хэкулI цIэрыIуэм, цIыхухэм я гум IэфIу къинэжам и гъащIэ гъуэгур зэрырихьэкIам, къыдэлэжьахэм я гукъэкIыжхэм хухэтхащ.*



Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, абы агроном IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ КъБКъУ-м. Еджэн нэужьым, 1964 гъэм, КIуэкIуэм и IэщIагъэмкIэ лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн куейм щызэхэт «Трудовой горец» колхозым. 1970 гъэм Мэкъумэш хозяйствэм и экономикэмкIэ союзпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэр Москва къыщиухри ар лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу, иужькIэ «Лэскэн» совхозым и директор ящIащ.

1974 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 9-кIэ КIуэкIуэ Валерэ Аруан щIыналъэм и IэтащхьэуT лэжьащ. А лъэхъэнэм наIуэ къэхъуащ IэщIагъэлIым хэлъ зэфIэкI лъагэхэр, Iуэху зехьэкIэ пэрытыр. Унафэщl щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и нэIэм щIэт куейр щIэх дыдэу республикэм и экономикэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI щIыналъэ ищIащ, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьэу.

Къэралыр щытыкIэ гугъум щихуа 90 гъэхэм ирихьэлIэу КIуэкIуэ Валерэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Тхьэмадэт. Республикэм къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэр игъэупщIыIун папщIэ, политик Iущым икIи жыжьэрыплъэм хэкIыпIэхэр къигъуэтащ. Ар и къулыкъум текIащ, жылагъуэ Iуэхур и щхьэ закъуэ Iуэхум япэ иригъэщри. АрщхьэкIэ мази 4 нэхъ дэмыкIыу, ди республикэм и цIыхубэм политик цIэрыIуэм, къэрал лэжьакIуэ пашэм ар гуэру и дзыхь иригъэзащ: КIуэкIуэ Валерэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту.

Акъылышхуэ зыбгъэдэлъ политик Iущым хуэзэфIэкIащ жылагъуэр зэрыхуа щытыкIэ хьэлъэм кърищу щIыналъэм зэпIэзэрытыныгъэр щызэтриублэжын, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэрэ лъы гъажэрэ Iуэхум къыхимыгъэхьэу. Республикэм щыпсэу цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIыр гъэбыдэным, абы лъэпкъ зэгурыIуэныгъэрэ зэдэIужыныгъэрэ илъыным хущIэкъуащ КIуэкIуэ Валерэ. ЩIыналъэм и экономикэ лъэщагъым хэгъэхъуэным, псэукIэм и фIагъыр къэIэтыным – апхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ мычэму зэлэжьар къэрал, жылагъуэ-политикэ къулыкъущIэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу республикэм щытепщэ хъужащ зэгурыIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ. Абыхэм дыхуэшащ социально-экономикэ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрыдгъэхьэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентыр сыт щыгъуи хущIэкъуащ Урысей Федерацэр гъэбыдэным, хыхьэ щIыналъэхэм щхьэхуитыныгъэ яIэн зэрыхуейри IэщIыб имыщIу. Ди республикэм и къэкIуэну дахэр абы, псом япэрауэ, зыхилъагъуэр и Iыхьэу зыхэт къэралым и лъабжьэр гъэбыдэнырт. Апхуэдэу КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ куухэр хуиIэ хъуащ гъунэгъу республикэхэм, областхэм, крайхэм. Нобиеф IакIуэ а зэдэлэжьыныгъэхэр сэбэп яхуэхъуащ лъэныкъуитIми я социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

КIуэкIуэ Валерэ пщIэшхуэ щиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми. УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу, Къэрал Советым хэту, ар жыджэру хэлэжьыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал Iуэхухэр зэфIэхыным, къэрал унафэхэр къэщтэным икIи гъэзэщIэным.

Бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэхэм, псэ хьэлэл лэжьыгъэ иным къыпэкIуащ жылагъуэ, къэрал гулъытэшхуэ. КъБР-м, УФ-м я политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, КIуэкIуэ Валерэ къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжьым, «ЩIыхьым и дамыгъэ», Ныбжьэгъугъэм, Жэпуэгъуэ Революцэм я орденхэр.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

---

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Iэзагъ лъагэ зиIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зэраIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университет» щIэныгъэ ищхьэ егъэгъуэтынымкIэ федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын*

**ФиIэпщэ Амур Григорий и къуэм** - «Энергообеспечение предприятий» кафедрэм и унэфэщIым;

**цIэ лъапIэхэр яфIэщын**:

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»*

**Къэзанш Сэфарбий Чанэ и къуэм** - «Зоотехния и ветеринарно-санитарная экспертиза» кафедрэм и профессорым

**Магомедов Камалудин** - егъэджэныгъэ-производственнэ комплексым и директорым, «Агрономия» кафедрэм и профессорым

**Модебадзе Нодари Пармен и къуэм** - «Экономика» кафедрэм и профессорым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист»*

**Джырандокъуэ Верэ Зэч и пхъум** - рекламэ-къыдэзыгъэкI къудамэм и редакторым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»*

**Теммоевэ Светланэ Анатолэ и пхъум** - «Высшая математика и информатика» кафедрэм и доцентым

**Хасанов Муссэ Магомет и къуэм** - «Землеустройство и экспертиза недвижимости» кафедрэм и доцентым

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»*

**Iэщхъуэт Мадинэ Руслан и пхъум** - хабзэ, кадр къызэгъэпэщыныгъэмкIэ управленэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м*
*№112-УГ*

---

Гъэгушхуэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

IэщIагъэлI Iэзэхэр гъэхьэзырыным хьэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и фIыщIэ хуэщIын **Перфильевэ Надеждэ Илья и пхъум** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университет» щIэныгъэ ищхьэ егъэгъуэтыныкIэ федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм и «Агрономия» кафедрэм и доцентым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м*
*№136-РГ*

# Лъэпкъым и пашэ

**КIуэкIуэ Валерэ сэилъэс 40-м щIигъукIэ сыкъыдэгъуэгурыкIуащ. Университетыр къэдуха нэужь, зэманкIэ дыщызэдэлэжьащ зы унэм, ар республикэм МэкъумэшымкIэ и министерствэм щыIэу, сэ комсомолым и обкомым сыщIэсу. ИужькIэ илъэс куэдкIэ зэдетхьэкIащ парт лэжьыгъэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту щыщытам игъэлъэгъуа Iуэху зэфIэхыкIэри Iущагъри. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, КIуэкIуэм ар ирихьэкIырт жэуаплыныгъэ ин зыхищIэу, адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу.**

ТИМИРЯЗЕВЫМ и цIэр зезыхьэ академием и аспирантурэр къиухыу щалъхуа щIыналъэм къэзыгъэзэжа щIалэщIэр Аруан районым хыхьэ жылэхэм ящыщ зым щызэхэт хозяйствэм и пашэу ягъэуват. Зэман кIэщIым къриубыдэу КIуэкIуэм а IэнатIэр ищIащ езым хуэдэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ ефIэкI. КъыкIэлъыкIуэу Валерэ хахауэ щытащ партым и Аруан райкомым и япэ секретару. Сэ абы щыгъуэ КПСС-м и обкомым секретару сыщыIэти, фIыуэ сыщыгъуазэт КIуэкIуэр зи пашэ парт зэгухьэныгъэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым. Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэм, купщIафIэхэм я жэрдэмщIакIуэу икIи къызэгъэпэщакIуэу щыту, а лъэхъэнэми абы зыкъигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ унафэщIу, мурадыщIэмрэ Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэмрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIу. Апхуэдэ дыдэу КIуэкIуэр щылэжьащ «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэми. Республикэм и хозяйствэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным Валерэ зэфIэкIышхуэ ирихьэлIащ абы щыгъуэ.

А лъэхъэнэм дэ зэгъунэгъууи дыпсэуащ. Зы унагъуэшхуэхэм хуэдэу дызэхэсащ, шыгъупIастэкIэ дызэпэIэбэу, гуапагъэрэ лъагъуныгъэрэ ди зэхуаку дэлъу. Апхуэдэ зэхущытыкIэ дахэ ди зэхуаку дэлъащ, КIуэкIуэ Валерэ КПСС-м и обкомым и секретарь, иужькIэ япэ секретарь щыхъуам щыгъуи. Сэ Афганистаным сыкIуэн хуей щыхъуам щыгъуэ, Валерэрэ Виолеттэрэ я нэIэм щIэтащ си унагъуэр.

КПСС-м и обкомым и япэ секретару КIуэкIуэ Валерэ щыхаха лъэхъэнэри хуабжьу гугъут икIи хьэлъэт ди щIыналъэм и дежкIэ. Зэман дэкIри, ар и пашэ хъуащ республикэм и Совет Нэхъыщхьэми. Конституцэм и 6-нэ статьяр (КПСС-м совет къэралым щиIа мыхьэнэр езыгъэкIуэтэкIт ар) Iуахын хуей щыхъум, а зырат хэкIыпIэу щыIэр: партым иIыгъа унафэмрэ Советхэм яIэ къарумрэ зы щIыныр. Зэман хьэлъэт ар, итIани, дэ тхулъэкIащ ди щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щытхъумэн, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI щыпкъэ КIуэкIуэ Валерэ и жыIэм дытету.

КIуэкIуэ Валерэ къэрал къулыкъущIэу, политик лъэрызехьэу зэрыщытам и гугъу щыпщIкIэ, утемыпсэлъыхьу къыпхуэгъэнэнукъым абы цIыхугъэу хэлъам. Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу абы къехъулIэрт Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыуэ къэзылъагъухэм, и ныбжьэгъухэм я бжыгъэр хэгъэхъуэныр. Ди къэралым и сыт хуэдэ щIыналъэми щыбгъуэтынущ КIуэкIуэ Валерэ зыцIыхуу щыта, абы ноби пщIэ къыхуэзыщI, абы и цIэ къудейм «къызэIуихырт» кабинетышхуэ куэдым я бжэхэр, абы и хьэтыркIэ зэфIахырт республикэм къыхуэхъуэпэн Iуэхухэр.

Сэ сыт щыгъуи згъэщIагъуэр лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъымрэ Iуэхум щыпэрытым езэш зэримыщIэмрэт. Абы и Iущагъыр, и акъыл гъэпсыкIэр, и гупсысэ гъэхуар, уеблэмэ ар къызэриIуатэ щIыкIэр ягъэщIагъуэрт псэлъакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэми.

Къызэзгъэщыну сыхуейщ КIуэкIуэм хэлъа хьэлхэм ящыщу мыри. Валерэ ныбжьэгъухэмкIэ гумащIэт, къыдэлэжьэхэр и гулъытэ щигъэщIэртэкъым, абыхэм я гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри ядигуэшыфырт.

Сэ жысIэфынущ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр хэкулI нэсу, цIыху Iущу зэрыщытар, республикэр зыхэхуауэ щыта гугъуехьым къыхишыным теухуауэ хузэфIэкI къызэримыгъэнар, цIыхубэм я къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэ ин и пщэ зэрыдэлъыр и псэр пытыху зэрыщымыгъупщар.

КIуэкIуэ Валерэ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуигъэувэныр къехъулIам и закъуэкъым, атIэ цIыхубэм къру пашэ хуэхъури, зыужьыныгъэр, экономикэр, щэнхабзэр къэIэтыжыным и гъуэгу тришэфащ.

Шэч хэлъкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей тхыдэм КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и цIэри и IуэхущIафэхэри зэрыхатхам. Ар мамырщIэкъут, лъэпкъ зэгурыIуэмрэ зыужьыныгъэмрэ ятелъхьэт, ди лъахэр ефIэкIуэным зэфIэкIыуи акъылуи иIэр ирихьэлIэрт. Аращ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир щIыжиIар: «КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэ псор тыхь хуищIащ и лъэпкъым къулыкъу пэж хуищIэным, урысей къэралыгъуэр гъэбыдэным». Абы и псалъэхэм пищэу, Осетие Ищхъэрэм и Президенту щыта Дзасохов Александр къыхигъэщат: «КIуэкIуэ Валерэ зи псалъэмрэ Iуэхумрэ зэтехуэ, ахэр Урысейм и зэкъуэтыныгъэм хуэзыгъэлэжьа, ди къэралым хуэфэщэн увыпIэ дуней псом щиIэным хуэзыгъэпса политик Iущт».

Илъэс Iэджэ иджыри блэкIынущ, нэгъуэщI щIэблэхэр къыдэкIуэтеинущ, ауэ сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу ди республикэм зегъэужьыным, абы и цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ КIуэкIуэ Валерэ хузэфIэкIар абыхэм я гъуазэу къызэрыгъэгурыкIуэнур. Нобэ ар къытхэмытыжми, шэч хэлъкъым, хуабжьу щыгуфIыкIынут фIыуэ илъагъу республикэм и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъур дгъэлъэпIэну зэрызыхуэдгъэхьэзырым, ирипэгэнут и къуэ закъуэ Казбек ди щIыналъэр зыужьыныгъэм зэрыхуишэми, зыузэщIыныгъэм, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм и гъуэгум тету.

**ЗУМАКУЛОВ Борис,**
*КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

# Мамырыгъэм и



Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я унафэщIхэми я чэнджэщэгъут.

## Лъэхъэнэм къигъэщIа

**УнафэщI щыпкъэу, политик Iущу, цIыху акъылыфIэу дунейм тета КIуэкIуэ Валерэ Iуэху зехьэкIэу, гупсысэкIэу иIахэр къытщIэхъуэ щIэблэм я щIэин лъапIэщ. Абы и гъащIэр, шэч хэмылъу, республикэм и тхыдэм и лъэхъэнэ псо мэхъу.**

ДИГУ къэдвгъэгъэкIыж 1992 гъэм и бжьыхьэр, Советхэм я Унэм и гупэм къит утышхуэм цIыхубэм щрагъэкIуэкIа пэкIур. Абы щыгъуэм КIуэкIуэм къыжраIэрт, ар арэзымэ, дакъикъэ 20-м къриубыдэу утыр зыгъэкъэбзэфын къару зэрыщыIэр. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу а зэманым щыт КIуэкIуэм идакъым лъы гъажэр зэхиублэн. Абы зэрыжиIамкIэ, япэрауэ, и цIыхубэм IэщэкIэ япэувынукъым, етIуанэрауэ, цIыхухэм епсэлъэн хуейуэ аращ, армыхъумэ езэуэн хуейкъым. Апхуэдэ акъылышхуэ къылъыкъуэкIащ а зэманым республикэм и унафэщIым. НэгъуэщI унафэ щыIатэмэ, хэт ищIэрэт абы къикIыну бэлыхьхэр сыт хуэдэми. А махуэм абы ича лъэбакъуэмкIэ цIыхубэм я дзыхьыр аргуэру къилэжьащ Валерэ. А лъэбакъуэращ абы и политикэ гъащIэр кIыхь, купщIафIэ зыщIар, жылагъуэм я пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьар.

Ди республикэм икIыу Урысей Федерацэм хыхьэ адрей щIыналъэхэм Iуэхукlэ кIуэ лIыкIуэ гупхэм мызэ-мытIэу сахэтащ. А щIыпIэхэм сэ си нэгу щIэкIырт ди унафэщIым адрейхэм къыхуаIэ щытыкIэр, къыхуащI пщIэ лъагэр. Апхуэдэхэм деж ди щхьэр нэхъ лъагэу тлъагъужырт, ди республикэмкIэ, абы и ПрезидентымкIэ дыгушхуэрт. Дауи, ди щIыналъэм и зыужьыкIэми ныкъусаныгъэ, щыщIэныгъэ гуэрхэри иIэт - апхуэмыдэу хъуркъым. ИтIани, зыми хужыIэнукъым а лъэхъэнэм ди щIыналъэм зэпIэзэрытыныгъэр, мамырыгъэр щытепщэу зэрыщытам КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэшхуэ хэмылъауэ.

**ФЕДЧЕНКЭ Людмилэ,**
*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ.*

## Дзыхьыр игъэпэжу

**Политик цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэшхуэ, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и лэныгъэр хэщIыныгъэшхуэт зи пашэу щыта республикэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэ псом и дежкIэ. Щалъхуа щIыналъэм и цIыхубэм и арэзыныгъэкIэ Президенту хаха КIуэкIуэр илъэс куэдкIэ пэрытащ мыхьэнэшхуэ зиIэ а къулыкъу лъагэм. КъыхуащIа дзыхьыр игъэпэжащ политик Iущым.**

МАМЫРЫГЪЭМ и хъумакIуэу дапщэщи щыта Валерэ хузэфIэкIащ, гъунэгъу щIыналъэхэр щызэрызехьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрытыныгъэр зэман кIыхькIэ щихъумэн.

Зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми КIуэкIуэ Валерэ къыщацIыхуу щытащ къэрал гупсысэкIэ куу зыбгъэдэлъ цIыхушхуэу. Ар щыпсалъэкIэ, уигури уи щхьэри абы хуэгъэпсауэ уемыдэIуэн плъэкIыртэкъым, апхуэдизу псалъэм хуэшэрыуэти. Ди республикэм IуэхукIэ къыщыкIуэхэм деж, ди цIыхухэм яхуэмызэу, гуапэу емыпсалъэу зэи кIуэжыртэкъым. Дапщэщи абы жиIэрт Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр зэрыIыгъыу, зыр адрейм дэIэпыкъуу, зыщIигъакъуэу псэун зэрыхуейр, къыхигъэщырт дэ дызэгъуэнэгъу къудей мыхъуу, атIэ икIи зэкъуэшу дызэрыщытыр.

Бгырысхэм цIыхум и гъащIэм хэлъа купщIэр къызэралъытэр дунейм зэрытета илъэсхэркъым, атIэ а зэманым къриубыдэу абы зэфIиха IуэхуфIхэмкIэщ. Мамырыгъэр щIыналъэм щыхъумэным, абы щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъыным я лъэныкъуэкIэ КIуэкIуэ Валерэ ищIа Iуэхухэм я мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ, апхуэдизу ахэр инщи. КIуэкIуэм и цIэр игъащIэкIи къыхэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэм яйми.

**БАТДЫЕВ Мустафа,**
*КъШР-м и Президент. 2005 гъэ*

## Кавказым папщIэ куэд зылэжьа

**Урысей Федерацэм и политик цIэрыIуэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и гъащIэ псор тыхь хуищIащ къэралым, цIыхубэм. Уи щхьэ закъуэу ущыткIэ, республикэ щхьэхуэ зыпщIкIэ, къыппэщылъ къалэн къомыр тэрэзу зэфIэха зэрымыхъунур къызыгурыIуэ а унафэщI IэкIуэлъакIуэр сыт щыгъуи хущIэкъуащ ди къэралым и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным.**

КАВКАЗЫМ щыпсэу цIыхухэр ноби хуэарэзыщ КIуэкIуэ Валерэ, Урысей къэралыгъуэр щIэуэ щызэфIэувэж лъэхъэнэм щыгъуэ Федерацэмкlэ Советым хуэфэщэн лIыкIуэу зэрыщыIам щхьэкIэ. ФIыщIэ хэха яхудощI УФ-м и унафэщIхэм, КIуэкIуэм и лэжьыгъэшхуэр къалъытэу къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуагъэфэщам папщIэ. Апхуэдэ гулъытэ лъагэр абы хуэфащэ дыдэт. ПщIэшхуэ щиIащ Валерэ къэрал унафэщIхэм я деж. Ар дунейм щехыжа махуэм ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуауэ зэрыщытар иджыри зэ абы щыхьэт техъуащ.

Лъэпкъ куэд зэрыс Адыгэ Республикэм сыт щыгъуи фIыуэ щалъэгъуащ икIи пщIэ щыщиIащ КIуэкIуэ Валерэ. Куэдрэ дигу илъынущ а цIыху щэджащэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм зэрыщыту я социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд хуэзыщIар, и цIыхухэм псэ къабзэу хуэлэжьар. ИгъащIэми жаIэ: «ФIы зыщIэм ар и щхьэми, и бынхэми, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэми къыпэджэжынущ». Апхуэдэу зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым.

**ТХЬЭРЫКЪУАХЪУЭ Мухьэрбий,**
*Адыгэ Республикэм и Парламентым и Тхьэмадэу щыта. 2005 гъэ*

# хъумакIуэ нэс



ЦIыхубэм пыщIэныгъэ куу сыт щыгъуи яхуиIэт.

# ПщIэ лъагэ

**ЦIыхур къыщыпхэмытыжым дежщ абы и уасэр нэсу къыщыпщIэр. Зэман нэхъыбэ дэкIыхукIэ, нэхъ IупщI мэхъу КIуэкIуэ Валерэ ди республикэм, Урысей Федерацэм зэрыщыту я зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр. Сэ гъащIэм фIыщIэ хузощI а цIыху гъуэзэджэм и гъусэу илъэс 20-м щIигъукIэ сылэжьэну Iэмал къызэрызитам щхьэкIэ.**

ДЫЗЭРЫСТУДЕНТРЭ дызэрыцIыхурт дэ тIур. ИлъэситIкIэ си яужь иту КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым ныщIэтIысхьа КIуэкIуэ Валерэ адрей и ныбжьэгъуэхэм куэдкIэ къахэщыртэкъым - щIалэ Iэдэбт, щэхут, акъылыфIэт, и ныбжьым хуэмыфащэу гъащIэм хищIыкIыу къыпщыхьурт. КъызэгъэпэщакIуэ зэфIэкIхэр а лъэхъэнэм къызэкъуихакъым абы. КъызэрысфIэщIымкIэ, а зэчиишхуэр абы къыщыхуэкIуар Москва аспирантурэр къыщиухыу, кандидат диссертацэри ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIыу лэжьэн щIидза нэужьщ. Ар зи унафэщI ящIауэ щыта хозяйствэр езым хуэдэхэм къахэщыртэкъым, арщхьэкIэ зэман кIэщIым кърыубыдэу абы и цIэр фIыкIэ къраIуэу хуежьащ, республикэ бюджетми хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIын къаруи иIэ хъуащ. А лъэхъэнэм абы дэлэжьахэм жаIэжырт, хуей хъумэ, Валерэ езыр и Iэщхьэ-лъащхьэр дэхъеяуэ гуащIэдэкI лэжьыгъэм хэувэу, тракторым, комбайным тетIысхьэрэ адрейхэм къакIэрымыхуу къалэн игъэзащIэу зэрыщытар.

КIуэкIуэм и пщIэр зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ лъагэ хъурт. Абы и Iуэху зехьэкIэр къахэщырт армырами унафэщI IэкIуэлъакIуэхэмкIэ цIэрыIуэ Аруан щIыналъэм и пашэхэм. Партым и щIыпIэ комитетым и унафэщIу щыта Ахъмэт Мусэбий и къулыкъукIэ щыдрагъэкIуэтейм щыгъуэ, абы и пIэм КIуэкIуэ Валерэ зэриувэмкIэ мыарэзы абыхэм яхэттэкъым. ЩIыналъэр куэд дэмыкIыу республикэм щыпэрытхэм халъытащ. Шэч хэлътэкъым, ар и фIыгъэт партым и Аруан комитетым и япэ секретарым.

Iуэху зехьэкIэ пэрыт, цIыху хэтыкIэ дахэ зыбгъэдэлъ, жэуаплыныгъэ лъагэ лэжьыгъэм хузиIэ щIалэщIэм къалэн щащI сыт хуэдэ Iуэхури щытхъу пылъу зэригъэзэщIэным хущIэкъурт икIи къехъулIэрт. Абы пщIэ къыхуащIырт адрей куейхэм я унафэщIхэми республикэм и пашэхэми. Хуабагъ гуэр хэлъут абы Мэлбахъуэ Тиморэ зэрыхущытри. Зэзэмызэ къемыхъулIаIами, адэ ущие хуэдэут зэрешхыдэр е зыгуэрым имыгъэзэщIаIамэ, ар КIуэкIуэм пщэрылъ хуищIырти, псоми къагуригъаIуэрт а Iуэхум къытегъазэ имыIэу зэфIэха зэрыхъунур. Апхуэдэуи хъурт. Языныкъуэхэм жаIэрт Мэлбахъуэм и ныбжьэгъум и къуэм гулъытэ лей хуищIу, ауэ, сэ сызэригугъэмкIэ, а цIыху акъылыфIэм икIи жыжьэрыплъэм КIуэкIуэм бгъэдэлъ зэфIэкIышхуэхэм пасэу гу лъитауэ къыщIэкIынут. ХилъагъукIат абы щIалэщIэм республикэ тхыдэм увыпIэшхуэ зэрыщиубыдынур.

Зэманыр кIуэрт. 1990 гъэхэм ирихьэлIэу гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыхыхьэу хуежьащ: политикэмкIи, жылагъуэмкIи, къэрал ухуэныгъэмкIи. Елисеевыр Москва ираджэжа нэужь, КIуэкIуэм и пщэ къыдэхуащ партым и обкомым и япэ секретарым и къалэнхэри езыр зыпэрыт КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Тхьэмадэ лэжьыгъэри зыдихьын хуейуэ. СССР-м и Конституцэм и 6-нэ статьяр Iуахыжа нэужь, къэралым зэрыхьзэрийхэм щыщIидзащ. Абыхэм яубыдауэ щытащ ди республикэри. КIуэкIуэм псэкIэ зыхищIэрт а къэхъукъащIэ псори, ауэ и акъылыфIагъым и хьэтыркIэ дапщэщи хэкIыпIэфIхэр къигъуэтыфырт. Апхуэдэу ищIащ а лъэхъэнэми.

Сыт хуэдэ Iуэхушхуэ кърихьэжьэми, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым ди Президентым бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэм. А политик IэкIуэлъакIуэм хулъэкIыну псори наIуэ къыщыхъуащ ар ФедерацэмкIэ Советым и унафэщIым и къуэдзэу щыхаха лъэхъэнэм. ЖыпIэнурамэ, Урысей Ипщэм хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм ящыщу зи ныбжькIэ нэхъ щIалэ дыдэ КIуэкIуэм (Ингуш Республикэм и Президент Аушев Руслан нэмыщI) пщIэшхуэ къыхуащIат. А къулыкъу лъагэм ар щагъэлъэгъуам щыгъуэ, абыкIэ мыарэзы яхэмытми ярейт сенаторхэм.

Лэжьыгъэшхуэ Москва щызэфIихащ а лъэхъэнэм КIуэкIуэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуэгъэпсат къэрал псом, Урысей Ипщэм, езыр зи унафэщI Къэбэрдей-Балъкэрым я зыузэщIыныгъэм, ехъулIэныгъэм.

**СЭХЪУ Владимир**,
*УФ-м и Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутату щыта.*

# И щапхъэр ди гъуазэу

**1974 гъэм къэсцIыхуауэ щытащ КIуэкIуэ Валерэ, ди районым нэкIуауэ. Абы иужькIэ еджэныр къэзухщ, IэнатIэ сыпэрыувэри, 1985 гъэм щегъэжьауэ а нэхъыжьыфIым и жьауэ сыщIэту, и лэжьыгъэм, и дуней тетыкIэм сыкIэлъыплъу сыкъэгъуэгурыкIуащ. ЦIыкIуми инми, цIыху закъуэми гупми едэIуэфырт ар. Сыт хуэдэ Iуэху гугъуми хэкIыпIэ нэхъыфI дыдэр къыхуигъуэтыфырти, ар згъэщIагъуэрт.**

УНАФЭЩI ухъун щхьэкIэ, щIэныгъэшхуэ убгъэдэлъын хуейщ, цIыхухэм уазэрыхэтын гъэсэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ уимыIэнкIэ Iэмал иIэкъым, лъэпкъылI пашэу ущыщыткIэ, адыгэлIым и хьэл нэхъыфI псори пхэлъын хуейщ. Апхуэдэу ягъэсат и адэ-анэми, къызыхэкIа лъэпкъми. Арагъэнщ ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьэфу, цIыхугъэр фIэмыкIуэду щIэпсэуфар, пщэрылъ къыщащIа къалэн псоми щIыпэлъэщар.

Къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыщыхъу, ди республикэр гугъуехь щыхэт зэманым ирихьэлIащ КIуэкIуэм и лъэхъэнэр. Гугъуехьхэм ягъэгужьея цIыхубэр зэтегъэуIэфIэнымкIэ, ди республикэр зэтеIыгъэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ абы. Кавказ Ищхъэрэм ис ди гъунэгъу хэгъэгухэм къахэлыдыкIырт ди лъахэр сыт щыгъуи. Абыхэм я тхьэмадэхэм пщIэшхуэ къыхуащIырт Валерэ. Адыгэ зэрыс гъунэгъу республикищым я унафэщIхэм я зэхуаку ныбжьэгъугъэ дахэ дэлът, адыгэ лъэпкъым и Iуэху дэкIыным сыт и лъэныкъуэкIи я гуащIэрэ акъылрэ халъхьэу зэбгъэдэтт.

Илъэсищэм зэ къалъхуу аращ КIуэкIуэм хуэдэ цIыху. Абы и дуней тетыкIам къегъэлъагъуэ акъыл куу убгъэдэлъым къыщымынэу, псэемыблэжу улэжьэн, тэмакъкIыхьу цIыхум уахэтын, нэхъыжьхэм уечэнджэщын, курытхэм уагурыIуэн, нэхъыщIэхэр бгъэгушхуэн зэрыхуейр. Апхуэдэу зэрыщытыр арагъэнт абы къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхушхуэхэр тыншу къыщIехъулIэр. Ди республикэм мылъкушхуэ имылъ пэтми, адрейхэм ефIэкIыу игъэпсэуащ абы. Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуищIырт икIи къехъулIэрт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щыпсэу ди хэкум зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ илъыным.

Сэ сыхуейт КIуэкIуэ Валерэ дэтлъэгъуа хьэлыфIхэр тхэлъу, лэжьыгъэм, гъащIэм, лъэпкъым, хэкум хуиIа бгъэдыхьэкIэхэр тщымыгъупщэу, абы и щапхъэр ди гъуазэу дыпсэуну.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**,
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

# Гу щабэт, псэ къабзэт

**Республикэм и Сабий фондыр КIуэкIуэ Валерэ и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы и къалэнхэр зэфIех, УФ-м и апхуэдэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэу. И зэфIэкI псори зыхуэунэтIар зыщ: ныбжьыщIэхэм лей къатемыгъэхьэным, сабиигъуэ дахэ яIэным. А Iуэхугъуэ инхэм Сабий фондыр пэлъэщынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъурт ди Президентыр.**

ЯПЭ сыщыхуэзам щыгъуэ, КIуэкIуэм къызжиIауэ щытащ лэжьыгъэм зэрызезгъэузэщIыну унэтIыныгъэхэр. «Фондыр сыт щыгъуи къулейуэ щытынущ. Абы и мылъкум махуэ къэс жыхуиIэм хуэдэу хэгъэхъуэным республикэ унафэщIхэм гулъытэ хэха хуэтщIынущ. Фэ фи къалэныр а мылъкур абы ипэжыпIэкIэ хуэныкъуэ сабийхэм хуэвутIыпщынырщ, - къыхигъэщырт абы. – Гулъытэншэ фымыщI бынунагъуэхэшхуэхэм, хэхъуэ мащIэ фIэкIа зимыIэ унагъуэхэм ис сабийхэри. Ихъурэягъкlэ рынок зэхущытыкIэм щыхуэкIуа лъэхъэнэм, абы увыпIэ щызымыгъуэта адэ-анэхэм я бынхэр фи дэIэпыкъуныгъэм хуабжьу хуэныкъуэщ».

Лэжьыгъэр щыдублэм, япэу гу зылъыттахэм ящыщ зи узыншагъэмкIэ сэкъат зиIэ, узыфэ гъэтIылъахэр зыпкърыт сабийхэр. Ахэр къызэщIедгъэубыдауэ щытащ «Диабет», «Зи тхьэкIумэм зыхимых сабийхэр» программэхэм. ИужькIэ, Президентым къыдита чэнджэщым дытету, унагъуэхэм щапI сабийхэми дынэсащ. Абыхэм папщIэ къызэдгъэпэща «Узыншагъэ», «Социальнэ дэIэпыкъуэгъу», «Сабий зэчиифIэхэр», нэгъуэщI программэхэри хуэунэтIат ныбжьыщIэхэм нэсу заужьынымкIэ Iэмалхэр етыным, абыхэм гъащIэм и IэфIыр зыхегъэщIэным.

КIуэкIуэр хуабжьу къыхуэнабдзэгубдзаплъэрт ди фондым. Абы къытхуигъэхьырт и тхылъхэм къыпэкIуэ гонорархэр, хэхыныгъэхэм деж къыхуаутIыпщ мылъкум щыщи и щхьэ IуэхукIэ къимыгъэсэбэпу ди фондым къыхилъхьэрт. СощIэж: Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Президентым Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм хыхьэ субъектхэм я унафэщI псоми джип зырызыххэ къащритам щыгъуэ, КIуэкIуэм ейр тыгъэ хуищIыжауэ щытащ республикэм щыпсэу, бын 14 зыпI унагъуэшхуэм. Абы и апхуэдэ жэрдэмхэр щапхъэ яхуэхъурт Правительствэм хэт адрей къулыкъущIэхэми икIи дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъурт.

Сабийхэр фIыщэу зэрилъагъур и нэгум къищырт КIуэкIуэм. Ар цIыкIухэм щепсалъэкIэ, и нитIым къыщIих гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ плъагъуну куэд и уасэт.

**УМЭ Светланэ**,
*КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI. 2011 гъэ*

# ЦIыху щыпкъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху щэджащэу,**
**Гупсысэ куухэр зигу къыхэкIа,**
**Хэкум и гъащIэр зэи пщымыгъупщэу,**
**ЦIыхушхуэ лъапIэу къытхуигъэщIа.**
**Уэ уи чэнджэщкIэ Хэкур ефIакIуэу,**
**Ди Хэку Iумахуэм ухуэIэфIащ.**
**Уи гур къеуэхукIэ пэжым ухуэкIуэу,**
**КIуэкIуэ Валерэ укъытхэтащ.**
**ЦIыхупсэ IэфIым и узэщIакIуэу,**
**ЦIыхубэ лъэщыр фIым ныхуэпшащ.**
**Лэжьыгъэ инхэм я зэхэщIакIуэу,**
**Гъуэгушхуэ иныр Тхьэм къуипэсащ.**
**Пызощэ пэжым: къэрал лэжьакIуэу,**
**Уэ ди цIыхубэр ебгъэфIэкIуащ.**
**Кавказ щIыналъэм и ущиякIуэм**
**Урысей хэкури уэ къодэIуащ.**
**ЛIыгъэр уи гъащIэм зэи бгъэдэмыкIыу,**
**Хэкур гуфIэгъуэм хэткIи хуэпшащ.**
**Дыгъэм и нурым зэи утемыкIыу,**
**Къэбэрдей-Балъкъэрым урипэшащ.**
**Ящымыгъупщэу уи Iэужь дахэр**
**Псэм ехуэбылIэу топсэлъыхьыж.**
**Къытхуэбгъэнащи фэеплъ мыкIуэщIыр**
**Гуапагъэ IэфIкIэ ягу укъокIыж.**

ЩЭРДАН Хьэсэнбий,
*Ислъэмей къуажэ. 2021 гъэ*

*НапэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Маритэщ**

Къэрал унафэ • КъБР-м и Парламентым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (2019-nCoV) щыпэщIэтыным нэгъэсауэ хуэхьэзырыным и хабзэр щыгъэувыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр адэкIи зэфIэгъэкIыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (2019-nCoV) щыпэщIэтыным нэгъэсауэ хуэхьэзырыным и хабзэр щыгъэувыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр адэкIи зэфIэгъэкIыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и I8-м къыдигъэкIа Указ №I9-УГ-м, мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2 пунктыр мыпхуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм цIыху куэд къызрихьэлIэ Iуэхугъуэхэр, узытхьэкъу, нэгузегъэужь, гъэлъэгъуэныгъэ, рекламэ, щэнхабзэ, спорт, физкультурэ, лэжьыгъэ щызэфIагъэкI, къищынэмыщIауэ хуэфэщэн Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныр хэту, IуэхущIапIэхэм, ухуэныгъэхэм, псэуалъэхэм (абыхэм хэт пэшхэм), IэнатIэхэм, цIыхухэр куэду кърихьэлэIэу (Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэу) нэхъыбэу хуэунэтIамэ, жэщ клубхэм (дискотекэхэм), абыхэм яхуэдэ нэгъуэщI объектхэм, нэгузегъэужь IуэхущIапIэхэр хиубыдэу, щебгъэкIуэкI щыхъуну гъэувын цIыху къэс I метр мынэхъ мащIэу зэпэщIэхауэ, зэрыбауэ пкъыгъуэхэр зэрахъумэ Iэмэпсымэхэр (гигиенэ нэкIуIупхъуэхэр, респираторхэр) къагъэсэбэпрэ кърихьэлIахэм я бжыгъэр цIыху 50-м щIимыгъумэ.

Санитар-эпидемиологие хабзэхэр, ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ цIыхум и зэIузэпэщыныгъэмрэ хъумэным кIэлъыплъ федеральнэ къулыкъум (адэкIэ - Роспотребнадзор) къигъэувхэр (чэнджэщхэр) гъэзэщIа хъумэ, мы Указым щыгъэува мардэхэмрэ пэубыдыныгъэхэмрэ ехьэлIакъым:

федеральнэ къэрал IэнатIэхэм я унафэкIэ, къищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал IэнатIэхэм я унафэкIэ IуэхущIафэхэр егъэкIуэкIыным (нэхъыбэ дыдэу хэтыну цIыхухэм ехьэлIа Iыхьэмкlэ);

федеральнэ хабзэ Iуэхугъуэхэм, къищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ Iуэхугъуэхэм е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыпIэ управленэхэм я хабзэIуэхугъуэхэм япкъ иткIэ цIыхухэр къызрихьэлIэ къэпсэлъэныгъэхэр егъэкIуэкIыным (нэхъыбэ дыдэу хэтыну цIыхухэм ехьэлIа Iыхьэмкlэ);

урысейпсо, щIыналъэ зэхуаку, щIыналъэ спорт зэхьэзэхуэхэр Роспотребнадзорым и методикэ чэнджэщхэмрэ Урысей Федерацэм СпортымкIэ и министерствэм къигъэувхэмрэ тету спорт объектхэм щегъэкIуэкIыным;

цIыху куэд къызрихьэлIэ нэгузегъэужь, гъэлъэгъуэныгъэ, рекламэ, щэнхабзэ, спорт, физкультурэ, лэжьыгъэ щызэфIагъэкI Iуэхугъуэхэр утыку зэIухахэми пэш зэхуэщIахэми цIыхухэр кърихьэлIэу егъэкIуэкIыным, хэт псоми (еплъхэми) документ яIыгъмэ, коронавирус уз зэрыцIалэ (COVID-19-м) зэрыпкърымытыр зэхагъэкIын папщIэ полимер зэкIэлъхьэужь зыхэщIэныгъэ лабораторэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу щIэупщIэн ипэкIэ сыхьэт 72-рэ дэмыкIауэ;

зоопаркхэм, кIапсэ паркхэм, тирхэм юридическэ лицохэмрэ (е) щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэр щащIэным (санитар мардэхэмрэ профилактикэ Iэмалхэмрэ ягъэзащIэмэ).»;

б) пункт 2.2-1-мкIэ дэщIыгъужын мыпхуэдэу иту:

«2.2-1. КъызэтегъэувыIэн:

а) ресторанхэм, кафехэм, шхапIэхэм, буфетхэм, бархэм, едзэкъапIэхэм, жылагъуэ шхапIэ нэгъуэщI объектхэм я лэжьыгъэр сыхьэт 23.00-м щыщIэдзауэ къыкIэлъыкIуэ махуэм и сыхьэт 06.00-м пщIондэ, къищынэмыщIауэ, къэгъэлъэгъуа зэманым къриубыдэу абыхэм къекIуалIэхэр щыIэныр. Мы пэубыдыныгъэр ехьэлIакъым вокзал, аэропорт, автогъэсыныпхъэхэр щрагъахъуэ станцхэм жылагъуэ шхапIэ объектхэм, жьы къабзэм хэт гъэмахуэ верандэхэмрэ террасэхэмрэ жылагъуэ шхапIэм и стационар объектхэм, а организацэхэм я лэжьакIуэхэм фIэкIа къызримыхьэлIэ, къищынэмыщIауэ, зэпэщIэхауэ сату щIэнымрэ ягъэхьэзыра шхыныр щIахыным (жылагъуэ шхапIэхэм я объектхэм я хэщIапIэхэм цIыхухэр щIэмыхьэу) Iуэхутхьэбзэхэр ящIэным;

б) жылагъуэ шхапIэхэм я объектхэм я лэжьыгъэр, сату центрхэм, сату-нэгузегъэужь комплексхэм я фуд-кортхэм я лэжьыгъэр, къекIуэлIахэр щIамыгъэсу ерыскъы хьэзырхэр иращэным къищынэмыщIауэ;

в) жылагъуэ шхапIэхэм, сату щIапIэхэм (сату центрхэм, сату-нэгузегъэужь центрхэм, комплексхэм, универмагхэм, нэгъуэщIхэми) я щIыналъэхэм хиубыдэ щыджэгу сабий пэшхэм я лэжьыгъэр;

г) граждан зэхущытыкIэхэр щатх органхэм нэчыхьыр щатхкIэ пэш зэхуэщIахэм Iэтауэ ар щрагъэкIуэкIыныр, цIыху 20 нэхъыбэ къримыхьэлIэу (граждан зэхущытыкIэхэр щатх органхэм я лэжьакIуэхэр хамыбжэу) ар гуфIэгъуэ щытыкIэм иту щрагъэкIуэкIхэр хэмыту.»;

в) 6.3, 6.4 пункткхэмкIэ дэщIыгъужын мыпхуэдэу иту:

«6.3. Щхьэж ехьэлIа IэнатIэм Iуэху щызэфIэзыгъэкI организацэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ:

а) сату объектхэм, жылагъуэ шхапIэхэм я объектхэм, театр-нэгузегъэужь, щэнхабзэ-узэщIакIуэ, узытхьэкъу-нэгузегъэужь, физкультурэ, спорт IуэхущIафэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэм, пIалъэкIэ щыпсэу фэтэрхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ Iуэхутхьэбзэ зыщIэхэм, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкIхэм къахуэкIуэхэм я щIыфэм и температурэр япыIудзауэ къапщыныр я объектхэм щыщIыхьэкIэ къызэрагъэпэщын икIи зи щIыфэм и температурэр лъагэу къахутэмэ, апхуэдэ цIыхухэр къыздэкIуа объектхэм щIэмыгъэхьэнымкIэ лэжьыпхъэр зэфIахын;

б) жылагъуэ шхапIэхэм я объектхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщын ресторанхэм, кафехэм, шхапIэхэм, буфетхэм, бархэм, едзэкъапIэхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэмрэ жьы къабзэм хэт (гъэмахуэ верандэхэр, террасэхэр) жылагъуэ шхапIэм и стационар объектхэм щIэсынур псори зэхэту щIэхуэм и процент 50-м щIимыгъуу;

в) театрхэм, концерт пэшхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм (уардэунэхэм), фильмхэр цIыху куэдым къахуэзыгъэлъагъуэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщын щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (COVID-19-м) зэрыщахъумэ Iэмалхэр щагъэзащIэу, къищынэмыщIауэ, Iуэхугъуэр щекIуэкI щIыпIэм тIысыпIэу иIэм и процент 75-м нэхърэ мынэхъыбэр цIыхухэм ямыубыдауэ, ахэр 1 метр мынэхъ мащIэу зэпэщIэкIуэтауэ санитар мардэр яIыгъыу, къыщыщIыхьэ-щыщIэкIыжкIэ зэблагъэкIыу, фоемрэ псоми къагъэсэбэп нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ социальнэу зэпэщIэхауэ (а пэубыдыныгъэхэр ехьэлIакъым зы унагъуэм щыщхэм);

г) физкультурэ, спорт Iуэхугъуэхэр, мы Указым ипкъ иткIэ памыубыдхэр, къызэгъэпэщын щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (COVID-I9-м) зэрыщахъумэ Iэмалхэр щагъэзащIэу, абы хэтхэм зэрыбауэ пкъыгъуэхэр зэрахъумэ щхьэзакъуэ Iэмэпсымэхэр (нэкIуIупхъуэхэр, респираторхэр) спорт объектым зэрыщыIэ лъэхъэнэм къриубыдэу зэрызэрахьэм кIэлъыплъыныр къызэгъэпэщын, зэпеуэм щыхэт пIалъэмрэ зэхьэзэхуэхэр цIыхухэр ирамыгъэплъу щрагъэкIуэкIымрэ къэмылъытауэ. Мы пэубыдыныгъэр къагъэсэбэпыркъым Роспотребнадзорым и методикэ чэнджэщхэмрэ Урысей Федерацэм СпортымкIэ и министерствэм къигъэувхэмрэ тету ирагъэкIуэкI урысейпсо, щIыналъэ зэхуаку, щIыналъэ спорт зэхьэзэхуэхэр спорт объектхэм щрагъэкIуэкIкIэ.

6.4. Мы Указым и пункт 6.3-м и подпункт «б», «в», «г»-хэм къыщыгъэлъэгъуа зыхуэфащэ объектхэм ирагъэхуэнымкIэ (ирагъэхьэнымкIэ), абыхэм щыIэнымкIэ мардэхэр ехьэлIакъым кърихьэлIа псоми (хабзэмкIэ зи нэIэ щIэтхэм я гъусэ балигъ мыхъуахэм къищынэмыщIа) зищIысыр къэзыгъэлъагъуэ документым дэщIыгъуу тхылъ яIыгъмэ щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэм (COVID-I9-м) зэрыщахъумэ мастэхэр къанэ щымыIэу зэрыхалъхьам щыхьэт техъуэхэр (COVID-19-р къапкърымыхьэн папщIэ хущхъуэ зэрыхалъхьамкIэ сертификат (справкэ) тхылъымпIэм тету е QR-кодым иту, Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ зыуэ щыт порталым (gosuslugi.ru) е Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ зыуэ щыт порталым и «Госуслуги. Стопкоронавирус» гуэдзэн щхьэхуэм къратауэ (адэкIэ QR-код) (зэрыхъужрэ мазих нэхъыбэ дэмыкIауэ), е документ коронавирус уз зэрыцIалэ (COVID-19-м) зэрыпкърымытыр зэхагъэкIын папщIэ полимер зэкIэлъхьэужь зыхэщIэныгъэ лабораторэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу зыхуэфащэ объектым кIуэн ипэкIэ сыхьэт 72-рэ мынэхъ кIасэу зэрагъэкIуэкIам мысымаджэу къызэригъэлъэгъуамкIэ.

QR-кодыр цIыхум егъэлъагъуэ электрон IэмалкIэ е тхылъымпIэм тету, смартфоным и камерэкIэ, планшеткIэ, абыхэм яхуэдэ IэмалхэмкIэ къеджэфын хуэдэу.

Зи пIалъэр имыкIа QR-кодыр къигъэлъэгъуа иужькIэ объектхэм ягъэкIуэну хуит ящI субъектым ар зи пщэ ирилъхьам къэкIуам и QR-кодым и пэжагъымрэ зищIысыр къэзыгъэлъагъуэ документым итымрэ зэрызэтехуэр зэхигъэкIа иужькIэ.

Зи гугъу тщIа объектхэм зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуахэр ихьэфынущ QR-кодыр къамыгъэлъагъуэу, адэ-анэм, хабзэкIэ нэгъуэщI къыкIэлъыплъым, зыхуэфащэ объектым уихьэн папщIэ мы пунктым и япэ абзацым къыщыхьа документхэм ящыщ зы къигъэлъэгъуамэ.».

2. Мы Указым къару егъуэт 2021 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м*
*№114-УГ*

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ IэщIагъэмкIэ фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Республикэм зыуэ щыт и транспорт системэм мыхьэнэшхуэ щиIэу икIи и лъабжьэу щытщ гъуэгу комплексыр. Автомобиль зекIуапIэхэр ухуэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ, абыхэм я быдагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ мыхьэнэшхуэ щаIэщ экономикэм зегъэужьынымрэ социальнэ Iуэхугъуэхэр зэфIэгъэкIынымрэ икIи гуэхыпIэ имыIэу епхащ цIыхухэм я зэIузэпэщыныгъэм. «Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ иужь зэманым республикэм лэжьыгъэшхуэ дыдэ щокIуэкI федеральнэ, щIыналъэ, щIыпIэ гъуэгухэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ. Фи Iэзагъым, жыджэрагъым, мурадыфIхэм фазэрыхущIэкъум я фIыгъэкIэ гъуэгу ухуэныгъэм и сэбэпынагъымрэ фIагъымрэ хохъуэ, транспорт инфраструктурэр тынш мэхъу.

Фи лэжьыгъэфIымрэ псэемыблэжыныгъэмрэ папщIэ фIыщIэ фхузощI.

Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэм сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, берычэт фиIэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ифI зыхэлъ IуэхуфIхэр дяпэкIи влэжьыну.

## Шынагъуэншагъэм хущIокъу

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ. «Комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм сабийхэм фэбжь зэрыщагъуэтым пыщIа гугъуехьхэм.**

КЪБР-М И МВД-м Гъуэгу шынагъуэншагъэмкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Сухоручэнкэ Дмитрий** жиIащ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи IуэхущIапIэр щытыкIэм зэрытегузэвыхьыр.

2021 гъэм Къэрал инспекцэм и IэнатIэхэм процент 47-кIэ хагъэхъуащ гъуэгум щызекIуэ сабийхэм фэбжь ямыгъуэтын щхьэкIэ драгъэкIуэкI лэжьыгъэм. Сабийхэмрэ школакIуэхэмрэ гъуэгум шынагъуэншэу зэпрыкIыным сэбэп хуэхъу Iэмалхэм ящыщу къэпсэлъам къигъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэр хабзэм емыгъэбэкъуэнымкIэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр къалэну зыхуэзыгъэувыж Инспектор ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр. Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр егъэджыным ехьэлIауэ абы и Iуэхухэр къохъулIэ.

- Дызытепсэлъыхьым сэбэп хуэхъу Iуэхухэм я гугъу пщIымэ, 2016 гъэм Аруан районым къыщызэIуахауэ щытащ НыбжьыщIэхэм я автомобиль школыр. Ар зытелажьэр балигъ ныбжьым нэмысахэр, езанэ классым щIэсхэм я деж щегъэжьауэ, гъуэгу шынагъуэншагъэм хэгъэгъуэзэнырт. АрщхьэкIэ IуэхущIапIэр лэжьэжыркъым, абы епха автогородокри илъэситху хъуауэ ябгынэжащ. Абы къыхэкIыу гугъуехьхэр щыIэщ, - къыхигъэщащ Сухорученкэ Дмитрий.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ** жиIащ 2017 гъэм Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм центр зэрыщылажьэр, сабийхэм гъуэгум фэбжь щамыгъуэтыным хухэхауэ. Абы къыхигъэщащ республикэм щыIэ инспектор ныбжьыщIэхэм я гуп 82-м еджакIуэ 1700-рэ зэрыхэтыр, абыхэм лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыдрагъэкIуэкIыр.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ гъуэгу шынагъуэншагъэр псом япэу водителхэр зэрагъэхьэзырми зэрелъытар, абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм епха IуэхущIапIищым транспорт лIэужьыгъуэ «B», «C», «D»-хэм водителхэр зэрыщагъэхьэзырыр.

**Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ щIымахуэм махуэхэр кIэщI зэрыхъум къыхэкIыу, сабийхэр кIыфIу унэм екIуэлIэжын хуей зэрыхъур. Ар щIэупщIащ гъуэгухэм тет, уэздыгъэ нэхур зытелыдыкI пкъыгъуэхэм я щытыкIэр зыхуэдэм.

Сухорученкэ Дмитрий жиIащ Къэрал инспекцэм и къудамэу КъБР-м щыIэри гъуэгу Iыхьэ хэхахэр зи пщэ дэлъхэри а Iуэхум зэрыкIэлъыплъыр. Къищынэмыщ Iауэ, къэрэгъулхэр я лэжьыгъэм щыпэрыхьэкIэ щыщIэныгъэ щыIэмэ зрагъэащIэ, а Iуэхур зи пщэ дэлъхэм хъыбар ирагъащIэ. Къэпсэлъам дыщIигъуащ уэздыгъэ нэхур зытелыдыкI щыгъынхэр сабийхэм къагъэсэбэпын зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** къыхигъэщащ сабийхэм къищынэмыщIа, гъуэгум щызекIуэ хабзэхэм теухуауэ балигъхэми лэжьыгъэ зэрыдегъэкIуэкIыпхъэр.

КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** жиIащ хабзэхэр къызэпызыудхэм къуэды ятелъхьэным и мызакъуэу, апхуэдэ видеохэр социальнэ сетхэм къралъхьэныр зэрыфIэкъабылыр.

**КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.**

# Хъумэн, зегъэужьын, егъэфIэкIуэн

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и XIII зэхуэсыр иджыблагъэ Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы къыщаIэта Iуэхугъуэр ди щIыналъэми абы щыпсэу лъэпкъхэм я къэкIуэным и IуэхукIи мыхьэнэшхуэ зиIэу къэлъытапхъэщ. «Къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ жылагъуэмрэ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ зэдэлэжьэныр цIыхубэм и зэкъуэтыныгъэм и шэсыпIэщ» - аращ зэIущIэм къыщаIэта псалъэмакъыр зэщIэкIауэ щытар. Лъэпкъ Iуэхухэм къэрал гулъытэ хэха игъуэт, программэ щхьэхуэхэр хузэхалъхьэ зэрыхъуар къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ зэIущIэм кърихьэлIахэм хэгъэгу политикэм къигъэув мардэхэр, щапхъэхэр, пщалъэхэр щIыналъэм щыщыIэ щытыкIэ пыухыкIахэм зэрырагъапщэр, абы зэрыралъытыр, ипэ игъэщыпхъэхэмрэ Iэмалыншэу къыхэгъэщын хуей Iуэхугъуэхэмрэ зэрызэпэшачэр.**



ЖЫЛАГЪУЭ палатэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ, туризмэмрэ спортымкIэ и къудамэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэм къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал къулыкъущIапIэхэм лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэкъуэтыныгъэмрэ хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIагъэкIыр. «Урысей Федерацэм 2025 гъэ пщIондэ щылэжьэну и лъэпкъ программэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр зыубзыху и къэрал программэмрэ гъащIэм хэпщэнымкIэ, къагъэув Iуэхугъуэхэр къанэ щымыIэу зэфIэхынымкIэ куэд ищIащ. Ди щIыналъэм лъэпкъ зэхэгъэжрэ дин зэныкъуэкъурэ къыщымыгъэхъуным, цIыхубэ зэгурыIуэныгъэр хъумэным, зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къэрал унафэ зыбжанэ къыщащтащ. Урысейр мы Iуэхугъуэм зэригъэпIейтейр къэплъытэмэ, ди деж щызэфIэгъэкIа хъуа лэжьыгъэр бзыпхъэу къыщищтэ, абы щапхъэ щытрихыр мащIэкъым, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - УФ-м иубзыху лъэпкъ политикэм и программэр къапщтэмэ, щIыналъэм дифI зыхэлъ Iуэхугъуэу къилъытэр мащIэкъым. Псалъэм щхьэкIэ, дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм къагъэзэжыну Iэмал къызэритыр, хэкум хэсыхьыжыным пыщIа лэжьыгъэхэр зэриубзыхур».

Сэхъурокъуэм и псалъэм къыхигъэщащ щIыналъэхэм щыIэ зэгурыIуэныгъэр хъума щыхъун папщIэ фIэкIыпIэ имыIэу ар зыгъэпIейтейхэм ущIэдэIун, зыгъэгумэщIхэм ущIэупщIэн зэрыхуейр. «Лъэпкъ 80-м щIигъу щопсэу ди щIыналъэм, - жиIащ абы. - Нэхъыбэм лъэпкъ хасэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр яIэщ, зытелажьэри мамырыгъэрщ, цIыхухэм я зэгурыIуэныгъэмрэ зэIузэпэщыныгъэмрэщ, лъэпкъхэм ижь лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ нэщэнэхэр хъумэнырщ, зегъэужьынырщ, егъэфIэкIуэнырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерстэм а лъэпкъ хасэхэм я лэжьыгъэр зэщIегъэуIуэ, къэралым иригъэкIуэкI политикэм щIэуэ къыщыхъухэмрэ зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэтхэмрэ щегъэгъуазэ, «Iэнэ хъурейхэмрэ» зэIущIэхэмрэ ирегъэкIуэкI. Шэч хэлъкъым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрызэIуигъащIэм, псоми зэдай Iуэхугъуэхэм зэгъусэу зэрыригъэлэжьым зэгурыIуэныгъэр зэрыригъэфIакIуэм. Абы и мызакъуэу, цIыхубэм я гуращэр къилъытэкIэрэ, министерствэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэрихьэлIэ зэхьэзэхуэхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрегъэпэщ». Апхуэдэу, Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм щекIуэкI, кIуэ пэтми зыщызыубгъу «Къунакъ» проект зэрыщыIэр. И фIэщыгъэм къызэриIуатэщи, абы лъэпкъхэр зэпещIэ, ныбжьэгъу зэхуещI».

Сэхъурокъуэ Хьэутий блэкIакъым Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэ фондми лъэпкъ зэхущытыкIэхэр зэпкъызэрыт щIынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихым. «Фондыр щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэм, щIыналъэм щекIуэкI махуэщIхэм жыджэру зэрыхэтым мыхьэнэ иIэщ. Щэнхабзэхэм я пщIэр къызэриIэтым и закъуэкъым абыхэм я гуащIэр зытрагъэкIуадэр, атIэ лъэпкъхэм я щIэжым зыкърегъэIэтыж, я уней нэщэнэхэр къегъэщIэрэщIэж, гъащIэм хепщэж».

Хьэутий къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм сыт хуэдиз Iуэху щхьэпэ щекIуэкIми, сыт хуэдиз лэжьыгъэ къыщаIэтми, яхузэфIэкIыну псор абдеж къыщыувыIэркъым. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ политикэ щытыкIэр зэтес зыщIыр жылагъуэ-экономикэ щхьэусыгъуэ зэIумыбзхэр къызэнэкIын зэрыхуейм и закъуэкъым. Мынэхъ мащIэу гулъытэ игъуэтыпхъэщ лъэпкъхэм я бзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ. А гулъытэм къыщыщIэмэ е къыжьэдэпкъуэну ухуежьэмэ, къайгъэ къызэрикIынум шэч хэлъкъым», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыщыпсалъэм, Сэхъурокъуэм и къэпсэлъэныгъэмкIэ арэзы хъуащ, къэралымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэр зэрыинри къыхигъэщащ.

Апхуэдэу, министрым щIыналъэм щыIэ волонтёр зэщIэхъееныгъэм и гугъу ищIащ, «Щэнхабзэм и волонтёрхэр» зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм, абыхэм къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм шэщIауэ тепсэлъыхьащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, къыхигъэщащ «ТекIуэныгъэм и письмохэр» проектым щIэупщIэ зэригъуэтар, цIыху куэд къызэрыдихьэхар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамболэт** Жылагъуэ палатэм къиIэта псалъэмакъыр узыблэкI мыхъунухэм зэращыщыр къыхигъэщащ. «Лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжыр и бзэмрэ и щэнхабзэмрэщи, игъуэтын хуей гулъытэр «дывгъэщI» е «щIын хуейщ» псалъэхэм деж къыщызэтемыувыIэу, унафэ пыухыкIа ягъуэтрэ щIыкIэ гъэпсам тету зэлэжьыпхъэ гъащIэ проектщ. Ахэр къыддекIуэкI ди щыIэныгъэм лъабжьэ хуэхъу нэщэнэщи, уаблэплъыкIыныр игъуэджэщ. Къэрал къулыкъущIапIэхэм яхузэфIэкIи къамыгъанэу абы и зыужьыныгъэм телэжьэн хуейщ», - жиIащ абы.

Лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэм унэтIыныгъэу иIэм и гугъу ищIа нэужь, абыхэм къыхалъхьэ проектхэр гъэзэщIа хъун папщIэ грант зэхьэзэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщми Гергоковыр тепсэлъыхьащ.

«Си япэкIэ къэпсэлъа Сэхъурокъуэ Хьэутий и псалъэмакъым къызэрыхигъэщащи, ди щIыналъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ «Къунакъ» проектыр щыдогъэкIуэкI. 2009 гъэм щыщIэдзауэ нобэр къыздэсым абы цIыху 500-м щIигъу хыхьащ, - жиIащ Гергоков Жамбулэт. - Къунакъ зэпыщIэныгъэр я нэхъ мащIэу лъэпкъиплIым я зэхуаку къыдохъуэ, проектым зи нэIэ тезыгъэт еджапIэр хохьэ, Iуэху къекIуэкIыр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр холэжьыхь. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэ абы зэришалIэ цIыхухэм и бжыгъэр зыхуэдизым. Къыхэзгъэщыну сыхуейт, проектыр ди республикэм къызэримынэр, абы и гъунапкъэхэр зэрызэIухам, гъунэгъу щIыналъэхэми зэрынэсыр. Мы гъэм «Къунакъ» проектым унагъуэ 18 хыхьэну зыкъагъэлъэгъуащ. Абы щыщ зыбжанэр ди гъунэгъу республикэм япыщIа хъунущ, хамэ къэрал нэсаи яхэтщ. Къунакъыр ещхьщ пасэм къыддекIуэкIыу щыта къанIых хабзэм. Абы къыхэкI ныбжьэгъугъэр, зэхущытыкIэр зыхуэдизыр дэтхэнэми къыдгуроIуэ».

Апхуэдэу, Гергоковыр тепсэлъыхьащ министерствэм иригъэкIуэкI зэпеуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, зэIущIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным дэтхэнэри зэрыхуэунэтIам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий** ди щIыналъэр лъэпкъыбэм я унапIэ зэрыхъуамкIэ, абыхэм я зэхуаку нэрылъагъууи нэрымылъагъууи зэпыщIэныгъэ куэд зэрыдэлъымкIэ и псалъэмакъыр къригъэжьащ. «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» гупсысэкIэр зыхэлъ лъэпкъыр и пIэм къишыгъуейщ, сыту жыпIэмэ абы лъабжьэ хуэхъур ижь лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэмрэ Тхьэм хуиIэ фIэщхъуныгъэмрэщ. ШыIэныгъэ къыпхэзылъхьэ, акъыл къозыгъэлъыхъуэ, къайгъэм укъыпезыгъэкIуэкI сыт хуэдэ гупсысэри фIыщ щыIэныгъэр зэрыуэзэрыбг мыхъуу, мамыру упсэун щхьэкIэ, - жиIащ Дзасэжьым. - Зепхьэ диныркъым нэхъыщхьэр, атIэ гъащIэр зэрыбгъэнщI IуэхуфIхэращ ипэ игъэщыпхъэри, сыт хуэдэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэри абы тещIыхьауэ утыку илъхьапхъэщ».

ЗэIущIэм къыщапсэлъам ипкъ иткIэ, къэрал къулыкъущIапIэхэм, щIыпIэхэм унафэр щызезыхьэ IуэхущIапIэхэм, лъэпкъ хасэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэм елэжьащ икIи ахэр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ хэIущIыIу ящIыжащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**




# «Сыт пощтыр зищIысыр?»

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и пощт лэжьакIуэхэм Письмом и дунейпсо тхьэмахуэмрэ Пощтым и дунейпсо махуэмрэ ирихьэлIэу зэIущIэ хьэлэмэтхэр щрагъэкIуэкIащ республикэм и курыт школхэм. Абыхэм къызэрагъэпэщащ «Сыт пощтыр зищIысыр?» фIэщыгъэр зиIэ класс сыхьэтхэр.**

А ЗЭХУЭЗЭ купщIафIэхэм къриубыдэу школакIуэхэм хьэлэмэт куэд къащIащ пощт зэпыщIэныгъэ IэнатIэм и лэжьэкIэм, зэхэлъыкIэм ятеухуауэ. Пощтым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм, абы пыщIа IэщIагъэхэм, а IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэр зэрыщызрагъакIуэ мардэхэм, пощт маркэхэмрэ письмоулъэхэмрэ я къежьэкIахэм, нэгъуэщI куэдми ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ IэщIагъэлIхэр. Ахэр я дэIэпыкъуэгъуу, сабийхэм ягъэхьэзыращ икIи нэхъапэIуэкIэ ятха письмо цIыкIухэр далъхьэри зэтрагъэпщIэжащ письмоулъэ дахэхэр, хабзэм тету псори тратхэжри. Ахэр яхуэгъэзат я адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, ныбжьэгъухэм.

Школакlуэ цIыкIухэм фIыщIэ хуащIащ а Iуэхугъуэхэм ахэр хуезыгъэса пощт лэжьакIуэхэм икIи гуапэу ехъуэхъуащ я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ. Апхуэдэу ахэр къеджащ пощтым, пощтзехьэм теухуа усэхэм, ящIащ а IэщIагъэм епха сурэтхэр, пощт ашык цIыкIухэр.

- ЗэIущIэхэр гуапэу, хьэлэмэту екIуэкIащ. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр пощт къулыкъущIапIэм щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ хуэщIынращ, ди къэралым и щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэм абыхэм гу лъегъэтэнращ, - жиIащ «Урысейм и пощт» АО-м КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Заур.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди щIыналъэм и пощт къулыкъущIапIэм хеубыдэ почтампи 8, хьэпшыпхэр цIыхухэм яIэрызыгъэхьэ къудами 3. Республикэм и щIыпIэхэм абы щиIэщ пощт IуэхущIапIэу 200-м щIигъу. Абыхэм щолажьэ IэщIагъэлI 1700-м щIигъу, пощтзехьэхэри яхэту.

ЦIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш зыщI, абыхэм IуэхутхьэбзэзэмылIэужьыгъуэхэр яхуэзыщIэ пощт лэжьакIуэхэм дохъуэхъу я махуэмкIэ. Узыншэну, гукъыдэж яIэу лэжьэну ди гуапэщ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# ЩIыналъэ зыужьыныгъэм и хэкIыпIэ

**Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм и комиссэм къыхихащ «Приоритет-2030» программэм хэтыну еджапIэхэр. Урысей Федерацэм и къалэ 49-м щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэу 106-м грант иратынущ, дэтхэнэми сом мелуани 100 хуэзэу. Абыхэм ящыщу 28-р Москва дэтщ, 11-р - Санкт-Петербург. Апхуэдэу программэм хыхьащ щIыналъэ 47-м я еджапIэ нэхъыщхьэу 67-рэ. ЕджапIэ 80-р Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм ейщ. Абыхэм яхэтщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетри. Апхуэдэ хъыбар гуапэр еджапIэ нэхъыщхьэм хэIущIыIу ищIащ иджыблагъэ.**





КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Алътуд Юрий къызэрыджиIамкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэмрэ IэщIагъэ щрагъэгъуэту абы хыхьэ курыт еджапIэхэмрэ нобэ студент мин 17-м нэс щоджэ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыужьыныгъэр зыгъэкIуэтэну къару инщ.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI еджакIуэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, IэщIагъэлI нэсхэр гъэхьэзырыным, ахэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ. Апхуэдэу мыбы гулъытэ хэха щыхуащI IэщIагъэ зэхуэмыдэхэм щыхурагъаджэ IэнатIэхэм зегъэужьыным, еджапIэ нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр экономикэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щыхэпщэным, иджырей технологиемрэ псэуныгъэмрэ ехьэлIа хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэхэм зегъэубгъуным.

2015 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм къикIауэ ди щIыпIэм щеджэну къакIуэхэми я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, 2020 гъэм ахэр цIыху 2440-рэ хъурт, мы гъэ еджэгъуэщIэми абыхэм къахэхъуащ. «Приоритет-2030» программэр щиухым ирихьэлIэу щIыналъэхэм къикIауэ еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэхэм я бжыгъэр процент 20-м нэсынущ.

ЦIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ дунейпсо рынокым университетыр зэрыхэтми зригъэубгъу зэпытщ. 2015 - 2020 гъэхэм нэгъуэщI къэралхэм къикIауэ КъБКъУ-м щеджэхэм я бжыгъэр хуэди 4-кIэ нэхъыбэ хъуащ (400-м икIри 1700-м нэсащ). Ди деж иджыпсту щоджэ къэрал 40-м къикIа ныбжьыщIэхэр, 2030 гъэм а бжыгъэр 50-м нэсыну хуагъэфащэ).

Илъэс къэс нэхъыбэ хъунущ етIуанэ IэщIагъэ зэгъэгъуэтынымкIэ университетым щылажьэ программэм тету еджэхэм я бжыгъэри. А программэм IэщIагъэлI IэзэхэмкIэ къызэригъэпэщынущ псынщIэу зызыужь ди щIыналъэр.

Университетым егъэбыдылIа еджапIэ корпус, IуэхущIапIэхэм, нэгъуэщI мылъкухэм, апхуэдэу абы щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ я бжыгъэкIэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин дыдэщ, налог нэхъыбэ зыт IуэхущIапIитхум ящыщ зыщ.

ПсынщIэу зызыужь щIыналъэ экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным сыт щыгъуи гулъытэшхуэ хуащI университетым и унафэщIхэм. Абы хуэунэтIащ еджапIэ нэхъыщхьэм зэрызиужьыну яубзыхуа хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэр.

Университетым и мурадщ 2030 гъэм ирихьэлIэу республикэм и школхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм я процент 75-р абы щеджэу къызэгъэпэщыныр. ИлъэсипщIым кърихубыдэу университетым игъэхьэзырынущ экономикэр нэхъ зыхуэныкъуэ, хьэрычэт щIэным хуэгъэса IэщIагъэлIхэу мин 270-м щIигъу. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIащ туризмэмрэ санаторно-курорт IэнатIэмрэ. Республикэм и экономикэм дежкIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр къилъытэу, университетыр хэтщ медицинэ туризмэр IэщIагъэлI IэзэхэмкIэ къызэригъэпэщыну. АбыкIэ ядэгуэшэнущ адрей щIыналъэхэми, Кавминводхэри хэту. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыуххэр хуэгъэпсауэ щытынущ, псынщIэу зызыхъуэж гъащIэм езэгъ къудейуэ къэмынэу, щытыкIэр зыубзыху, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэзыгъэпэщ, бизнесым унэтIыныгъэщIэхэр езытыф цIыху пэрыт хъуным.

Республикэм и экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КъБР-м лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Республикэм и экономикэм къилэжьыфыр хуэдитIкIэ хэхъуэнущ. Апхуэ-дэу пIалъэ мыкIыхьым тещIыхьауэ щытынущ тхьэмыщкIагъэр гъэкIуэдыным теухуа лэжьыгъэхэр. Ахэр гъэзэщIа хъунущ къэралым и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я щIыналъэхэм я ефIэкIыныгъэхэр, технологие пэрытыр къагъэсэбэпкIэрэ. А къалэн инхэр зэгъэхъулIэнымкIэ хэкIыпIэфI хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и зэфIэкIыр щIыналъэм и зыужьыныгъэм нэхъ убгъуауэ хуэгъэлэжьэныр.

Университетым щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр хуэунэтIащ экономикэм и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ гугъухэр зэфIэхыным. А лэжьыгъэм щынэхъыщхьэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр, мэкъумэш хозяйствэм карбоновэ лъэужьыр щыгъэмэщIэным хуэунэтIа къэхутэныгъэхэр. Ди еджагъэшхуэхэр жыджэру хэтщ медицинэм, генетикэм, IэрыщI интеллектым, водороднэ энергетикэм я IэнатIэхэми щекIуэкI лэжьыгъэхэм. Ахэр ядолажьэ Пётр Езанэм и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт политехническэ университетым, РАН-м ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, Швейцарием и «Медена» щIэныгъэ-производственнэ концерным, «Композит» (Роскосмос) АО-м, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым, Къэбэрдей къэрал мэкъумэш университетым, пщIэшхуэ зиIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ инхэми. КъБКъУ-р долажьэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ «ТулиТех» щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым.

ЩIэныгъэлIхэм я пащхьэ зэманым къригъэувэ Iуэхугъуэ инхэр къалъытэурэ, университетым къалэн нэхъыщхьэу зыхуегъэувыж дунейпсо мыхьэнэ зиIэ материалыщIэхэр къэхутэнымрэ гъэхьэзырынымрэ. Ахэр сэбэп хуэхъунущ щIыналъэм и пащхьэ къиувэ Iуэхугъуэ гугъухэр зэфIэхыным. МатериалыщIэхэмрэ «технологие удзыфIэкIэ» дызэджэ Iуэхугъуэхэмрэ гъэхьэзырыныр лъабжьэ хуэхъунущ фон лъахъшэ зиIэ детекторхэмкIэ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэр къызэгъэпэщыным, водород гъэсэныпхъэр гъэIэпхъуэным епха ухуэныгъэхэм композитнэ материалхэр хуэгъэхьэзырыным, апхуэдэу узыншагъэм дежкIэ шынагъуэ зыпымылъ щIыгъэпшэрхэр, удз ежьыужьхэм зэребэн щхъухьхэр къыщIэгъэкIыным. Абы хохьэ цIыхухэм я узыншагъэм зэран хуэхъу губгъуэжыхъапхъэмрэ батыргъэнымрэ гъэкIуэдыным хуэунэтIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къэралым и ипщэ щIыналъэхэмрэ жыг хадэхэр къэкIыным зэрызыщиубгъум къыхэкIыу, щIыгулъым и фIагъыр кIуэщI зэпытщ. Универсытетым и мурадщ къэкIыгъэм елэжьу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ и IуэхущIапIэхэм ядэIэпыкъуну углеродым и диоксидыр ($CO_2$), метаныр ($CH_4$), нэгъуэщIхэри щIыгулъым хэгъэкъэбзыкIыжынымкIэ.

Зыужьыныгъэшхуэ игъуэтынущ университетым и социальнэ-щэнхабзэ IэнатIэми, «ещанэ миссиекIэ» дызэджэм. Ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI егъэджэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. ЩIэныгъэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэмкIэ Урысей Федерацэм и министерствэм и «Приоритет-2030» программэр игъэзащIэкIэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр хъунущ цIыхум и зэхэщIыкIымрэ и зэфIэкIымрэ, псэукIэмрэ щэнхабзэмрэ езыгъэфIакIуэ Iэмалхэр IэкIуэлъакIуэу къыщагъэсэбэп центр.

«Ещанэ миссием» щIигъэпсынщIэнущ технологие пэрытыр, къэхутэныгъэщIэхэр производствэм къыхэшэныр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр. Псалъэм папщIэ, КъБКъУ-м 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну программэм хэтщ университетыр рынок IуэхухэмкIэ Дизайн-центрым дэлэжьэныр, оборонно-промышленнэ комплексым хуиIэ пыщIэныгъэхэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ, «цифровой двойник» жыхуаIэм хуэдэ къызэгъэпэщынымкIэ (ЖКХ-м и IэнатIэхэри къызэщIиубыдэу). Апхуэдэм и къызэгъэпэщыкIэ хъунухэмкIэ ар ядэгуэшэнущ нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми.

«Эрмитаж-Кавказ» проектым къэралым и пщэ щIыналъэ псом я щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэнущ. Къэрал Эрмитажым щIыгъуу университетым къыщызэрагъэпэщ щэнхабзэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ центр. Абы, шэч хэмылъу, еджапIэм и пщIэр къиIэтынущ, республикэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэми хигъэхъуэнущ.

Къэдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ псори къызэщIэпкъуэжмэ, жыпIэ хъунущ щIыналъэм зегъэужьыным и Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр жыджэру хэту. Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, мыпхуэдэ моделым ехъулIэныгъэхэр иIэныр елъытащ щIыналъэм щыIэ университетхэм я лэжьыгъэхэр гъунэгъу зэхуэщIыным.

Программэм хыхьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр илъэс къэс яхъуэжынущ. АтIэми, ди гуапэ хъуащ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэр а къэрал программэм хэтыну зэфIэкI зиIэхэм зэрыхабжар. Шэч хэлъкъым ар щIыналъэ зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхугъуэу зэрыщытым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 16,**
*щэбэт*

♦**Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**
♦**ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Анестезиологым и дунейпсо махуэщ**
♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я зэхуэс.
♦**1868 гъэм** къалъхуащ Къаир щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Щэукъий Ахьмэд**.
♦**1917 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къардэн Бубэ**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературэдж **ТIымыжь Хьэмыщэ**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ШэджыхьэщIэ Юрэ**.

**Жэпуэгъуэм и 17,**
*тхьэмахуэ*

♦**Къулейсызыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и гъуэгу лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI промышленностым и махуэщ**
♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ Къэрал Думэм и зэхуэс екIуэкIащ.
♦**1938 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ» медалхэр.
♦**1961 гъэм** Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ.
♦**1943 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор**.

**Жэпуэгъуэм и 18,**
*блыщхьэ*

♦**КIэнфетхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1941 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэу, политик Iэзэу, КъБР-м и япэ Президенту щыта **КIуэкIуэ Валерэ**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан**.
♦**1968 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретару щыта, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща **Гъурыжь Мадинэ**.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Ахъшэр пшахъуэщ, гъащIэр пщIащхъуэщ.**




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

# Бжьыхьэм уэсыр пасэу къесмэ...

- **Къуалэбзур гувауэ щIыпIэ хуабэм лъэтэжмэ, щIымахуэр тхIиинукъым, пасэу лъэтэжмэ, щIымахуэр щIыIэнущ.**
- **Бжьыхьэм уэсыр пасэу, кууuэ къесмэ, гъавэщIэр бэв хъунущ.**
- **Бжьыхьэ тхьэкIумэкIыхьыр уэдмэ, уэс щIагъуэ щыIэнукъым, пшэрмэ - уэсышхуэ къесынущ жаIэрт.**
- **Шыугъэ яIэщIэщIамэ е шыгъу иракIутамэ, унэм къаугъэ къихъуэнущ жаIэрт.**
- **Гъавэм утеувэмэ, берычэтыр хокI жаIэрт.**
- **Гъуэгу техьам кIэлъыпхъанкIэртэкъым, пхъэнкIии кIэлъырадзыртэкъым, псым икIыху.**
- **Гъуэгущхьэlум пхъэщхьэмыщхьэ жыг хэпсэну фIыщ.**
- **Джэгу пщIыхьэпIэу плъагъумэ, уонэщхъей жаIэрт.**

## Джэш лыбжьэ

Джэшыр зэхадз, фIыуэ ялъэс, псы къэкъуалъэм хакIутэри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтрэ никъуэкIэ ягъавэ. Шыгъу хадзэри, иджыри апхуэдизкIэ ягъавэ. АпщIондэху псыр щIэващIэмэ, псывэ щIакIэ. Джэш вар зэрыпщтыру яуб е лыхьэжым щIагъэкIри шыуаным иралъхьэж. Абы тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шыбжий сыр хакIутэ, а псори зэIащIэ, шатэ хакIэри, дакъикъи 7 - 8-кIэ къагъэкъуалъэ.

Хьэзыр хъуа джэш лыбжьэм джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт мэ дахэ къищтэн щхьэкIэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ е пIастэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** джэшу - г 200, псыуэ - г 1450-рэ, бжьын укъэбзауэ - г 30, тхъууэ - г 60, шатэу - г 160-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.





## Iупщlэурэ гъэжьа къэб

Къэбыр IупщIэ-IупщIэурэ зэгуауд, хьэлъагъыр г 100 - 150-рэ хъууэ. Жылэр кърах, тебэм иралъхьэ, и фэр къыдэгъэзеяуэ хьэкум ирагъэувэри дакъикъэ 40 - 50 хуэдизкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Къэбым сэ е гуахъуэ хаIури, щабэу хыхьэмэ, ар жьащ.

Къэб жьар тепщэчым иралъхьэ и фэр егъэзыхауэ. Iэнэм щхьэхуэу шэ е шатэ трагъэувэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** къэбу - г 1000, шэуэ е шатэу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

**● Сабийхэм жаIэ**

## Къысхуэпхьыным елъытауэ

Дисэ: Динэ, укъыщалъхуа махуэм себгъэблэгъэну?

Динэ: СщIэркъым, иджыри сегупсысакъым. Ар къысхуэпхьынращ зэлъытар.

## Гу лъитакъым

ЗэпрыкIыпIэм деж щыт полицэм гъуэгу техьэну ежьа щIалэ цIыкIур къигъэувыIэри еупщIащ:

- ПлъагъуркъэлампI плъыжь къыпынар?

Сабийм зэхэзещхъуэну жиIащ:

- ЛампIыр слъэгъуащ, гу зылъызмытар уэращ.

## ДимыIэжуи?

- Кхъузанэр къысхуэхьыт, си хъыджэбз цIыкIу, - зыхуигъэзащ анэшхуэм пхъурылъхум.
- ДимыIэжуи? Ар зэрыщыту гъуанэ хъуати, хыфIэздзащ.

## И щIыIухэмкIэ

ЕджапIэ зытIэщIыпIэм уэздыгъэр щыункIыфIат. Къантемыр зихуэпэжатэкъым.

- Уи бэлътор дауэ къэбгъуэтыжыну? - Зыхуигъэзащ абы Хьэлым.
- И щIыIухэмкIэ.
- Ахэр сыт хуэдэ?
- ИмытIамэ, зыхуэдэнур сыт?

**● Тхыгъэ кIэщIхэр**

## Шагъдий

Шагъдийр сытым къытекIрэ жыпIа? Абы къикIыр «шыгъэр лъэдийм щыIэщ» жиIэу аращ. Адыгэхэм япэм шыр мыпхуэдэу зэхагъэкIырт: шыр къагъажэурэ фIы дыдэу еша нэужь, абы и фIалъэм лъакъуэкIэ хущIэуэрт. Шы лъакъуэр щIэщIамэ, ар шагъдийуэ ялъытэртэкъым.

## Гъуджэм къищым...

ЦIыхум и теплъэу гъуджэм къищым узэрыфIэфIу зыхуэщI - ухуеймэ зыхузэкIэщIэш, ухуеймэ ешхыдэ. АбыкIэ уигу мызагъэмэ, кIэрахъуэкIэ еуапэ. Абы хэкIуадэм хэкIуэдэнур гъуджэрщ. Ауэ гъуджэм къищ цIыху сурэтым зэрызыхуэпщIым хуэдэу езы цIыхум зыхуэпщIыныр икIагъэщ, хьэкIэкхъуэкIагъэщ. ЦIыхум гуапагъэрэ IэфIыгъэрэ кIэлъызепхьэныр, абы гукъэкI хууиIэныр, удэIэпыкъуныр уи къалэнщ. Апхуэдэу дапщэрэ уэ ущытыфу пIэрэ?

**ТЕУНЭ Хьэчим.**

## ДжэдыкIэм цы къыхех

**Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ** - Хэт сытым хуэныкъуэми, игъэпIейтейми, ар абы йогупсыс икIи топсэлъыхь.

**Джэджьей зеуалэ псывэ хоупIэ** - ЦIыху мызагъэр бэлыхь щыхэхуам деж хужаIэ хабзэщ.

**ДжэдыкIэм цы къыхех** - «Iейуэ дзыхьмыщIщ, гурыщхъуэ сыт ищIысми хуещI» жыхуиIэщ.

**Джэдым зэрыфIагъэжыну сэр езым къеулъэпхъэщыж** - Езыр зытекIуэдэжын Iуэху зезыхуэм теухуауэ къапсэлъ.

**Дзыхь зыхуамыщI щыкъур мэкъутэ** - ЦIыхум а нэхъ и нэIэ зытет, нэхъ зыхуэсакъ дыдэм зыгуэр къыщыщыщIам деж, игу хэщIу къипсэлъ хабзэщ.

**Ер вы бжьакъуэм къокI** - Щхьэусыгъуэ мыхьэнэншэ дыдэкIи бэлыхьышхуэ къыщыхъу щыIэщ.

**Жылэр щыIэпхъуэм гуащэм къаз егъэхъу** - «ИщIэн хуей Iуэху нэхъыщхьэр къигъэнауэ, нэхъ мыхьэнэншэ Iуэхур елэжь» жыхуиIэщ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

# Гугъэ

ЗыгурыIуи зыщIэдэIуи щымыIэ гур темыпыIэу зы хъуэпсапIэ гуэрым хуопабгъэ, щIобэн, щIозэу. Махуэл димыхыу лъэужь мыцIыхухэм ирокIуэ, зы лъэмбым ипкIым, адрейм къыщыхутэурэ. ШыIэныгъи бэшэчагъ гуэри зыхэмылъыж, лъэпощхьэпокIэ гъэнщIа гъуэгуанэ гугъухэр къызэренэкI. Къэзыгъэдзыхэ къыхэкIми, къарууэ иIэр зрегъэуIури, япоув, япольэщ, и щIыб къыденэ. Езыр макIуэ, ежьужьымрэ кхъуэбанэмрэ къызэрафыщIри кърымыдзэу. МакIуэ, къеплъэкI имыщIэу, щIежьам хуэпэжу.

Дэнэ нихьэсыну пIэрэ апхуэдиз гугъуехьым тхIыбжь дэхъуа гу никъуэкъуэхым? Дапщэщу пIэрэ и хъуэпсапIэр IэщIэхуу и лъэр щыщIэхунур? Хьэуэ, щIэхункъым и лъэр, и хъуэпсапIэри ищIынкъым IэщIыб. Сыту жыпIэмэ, гугъэм и къуэпсхэр быдэу зыхэжыхьа гур куэдым полъэщ, зызрипщытри нэхъыбэжщ. Жыжьаплъэщ ар, мэгугъэ, мэпабгъэ, мэхъуапсэ. Быдэуи и фIэщ мэхъу малъхъэдисым хуэдэу зэщIэзышэн гу зэгуэр зэрыIущIэнур. ЗэщIишэу зэригъэфIэнур, IэфIагъкIэ зэрипсыхьынур, хэщIыныгъэу игъуэта псомкIи зэуэ къызэретэжынур. Аращ, гугъэрщ гум псэ къыIузыгъэкIэжри, и щIылъэныкъуэр и гуэгъу къыхуэзыщIыжри, цIыхур дунейм щIытетыжыр къызыхэтэджыкI гупсысэ узэщIахэм купщIэрэ купкърэ яхуэхъужри.

**ЖАМБЭЧ Рабия.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Iэпкълъэпкъ зэкIуж зиIэ щIалэ уардэ. **3**. Лъакъуэрыгъажэмкlэ дунейпсо Олимп джэгухэм 1970 гъэм чемпион щыхъуа адыгэ щIалэ ... Борис. **6**. КIыщокъуэ Алим и роман « ... нур». **7**. Щимэу зи пэр пылъыкIа мастэ пIащэ. **12**. Набдзэ ... **13**. Япэу ... ущIэмынакIэ. **15**. Колхоз хьэсэм и плъыр. **16**. ... вакъэ. **18**. Зи жылэхэр бжьыхьэм фIыцIэ хъурей цIыкIу хъу къэкIыгъэ: дохутырхэми, ерыскъыхэкIым елэжьхэми къагъэсэбэп. **19**. ... и анэ гъыркъым.

***Къехыу:*** **2**. Жэмтхьэлэ къыщалъхуа адыгэ генерал. **4**. Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **5**. ЩIыпIэ хуабэхэм щыIэ хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **8**. Мэкъумэш университетым и ректор. **9**. Iэщым, хьеуаным зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **10**. Къурш лъэныкъуэмкIэ кърихуу жьы щIыIэтыIэ. **11**. ЩIы къиуда. **14**. Совет зэманым зекIуэу щыта ахъшэ жыгъей. **16**. Къаруушхуэ зиIэ цIыху. **17**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ?

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Жэпуэгъуэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Шэфэл. **6**. Куржы. **7**. Ерыщ. **8**. Жэп. **10**. ХъумакIуэ. **11**. Джэд. **16**. Сохъустэ. **17**. Каринэ. **19**. Лъей. **20**. КIэрэф. **22**. Сэхъу. **23**. Пхъэр. **25**. Даур. **27**. Гъатхэ.

***Къехыу:*** **1**. Хур. **2**. Шыпхъу. **3**. Фызабэ. **4**. Ленэ. **5**. Вы. **9**. Псыхъурей. **11**. Джэримэс. **12**. Усэ. **13**. Ету. **14**. Нал. **15**. Гъуэз. **18**. Щэрмэт. **20**. КIыргъ. **21**. Фадэ. **24**. Хъы. **26**. Уэ.

# Дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ зыхэухуэна фэилъхьэгъуэхэр





**Зэпымыууэ щIэщыгъуэ лъыхъуэ, зыужьыныгъэм хущIэкъу, щIэхэм зезыпщыт, республикэм и цIэр щIыпIэ жыжьэхэм фIыкIэ щызыгъэIухэр ди мащIэкъым. Апхуэдэщ зи гугъу фхуэтщIыну дизайнер щIалэ БжьыхьэлI Заури.**

БЖЬЫХЬЭЛI зэкъуэшхэм - Зауррэ Замиррэ – 2012 гъэм къыхалъхьауэ щыта KAVKAZVISION SONG CONTEST уэрэджыIакIуэхэм я дунейпсо музыкэ проектыр республикэ 18-м я бюджетым хагъэхьащ. Зэпеуэ гъэщIэгъуэным я зэфIэкI щеплъыжащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъэгухэм, Краснодар крайм, Адыгэ, Осетие Ипщэ, Абхъаз республикэхэм, Москва къалэм щыщ щIалэгъуалэр.

Ижь-ижьыж лъандэрэ я фэилъхьэгъуэхэмкIэ лъэпкъхэр зэхацIыхукIыу къэгъуэгурыкIуэми, ди нэгу щIокI ди адыгэ фащэм и дахагъэм дуней псор зэритхьэкъуар, языныкъуэхэм ар къызэращтэпар. Пэжщ, тхыдэм уриплъэжмэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIыу лъэпкъым фащэр IэщIыб щищIаи къэхъуащ. Иджы гуапэщ абы и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зэригъуэтыжыр, псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм нэхъыжьхэми щIалэгъуалэми я гупэр фащэм зэрыхуагъэзэжам гу лъыботэ. Лъэпкъ фащэр адыгэм зетхьэжыныр щIыхь зыпылъ Iуэхуу зэрыщытыр зэрызыхащIыкIыр къэзыгъэлъагъуэщ, щIалэгъуалэм ар зэрызыщатIэгъэжамрэ абы и махуэр зэрагъэлъапIэмрэ. Нэхъыщхьэращи, ди лъэпкъ фащэм, анэдэлъхубзэм, ныпым я махуэхэр гъэ къэс догъэлъапIэ.

Махуэ къэс ди фэилъхьэгъуэ хъуар яда хьэзыру ящэхэрщ. Илъэс зыбжанэкIэ Германием щыпсэуну, цIыхухэм я зыхуэпэкIэм кIэлъыплъыну къызыхуихуа Заур къелъытэ адыгэхэр нэгъуэщIхэм дыкъызэрыхацIыхукI зыхуэпэкIэ диIэн, абы папщIэ лъэпкъ фащэм и нэщэнэхэр зыдэплъагъу, хьэзырхэр къыщыгъэсэбэпа, ди тхыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа щыгъынхэм елэжьын хуейуэ.

БжьыхьэлIым къалэн зыщищIыжащ и лъэпкъэгъухэм я зыхуэпэкIэм хэлъ дахагъэр ипэкIэ игъэкIуэтэну, абы нэхъри зригъэужьыну. Гу зылъитэ щыгъын хьэзырхэр игъэдахэ къудей мыхъуу, абыхэм псэ щIэ яхелъхьэ, ди лъэпкъ тхыдэм ухигъэгъуазэу къегъэщIэрэщIэжри. Ар куэд и уасэщ, зи щIыкIэкIэ зэщхьэщыкI щыгъын щIэщыгъуэхэр иджыпсту зэрыгъуэтыгъуейр къэплъытэмэ.

Фэилъхьэгъуэхэр игъэдахэ къудей мыхъуу, Заур ди тхыдэм пыщIа Iуэхугъуэхэр къыгуэхыпIэ имыIэу хигъэзэгъащ и IэдакъэщIэкIхэм. Апхуэдэщ ди щхьэм кърикIуа лъэпкъ гъэкIуэдым теухуауэ игъэхьэзыра щыгъынхэр, щыгъуэ-щIэж махуэм ирихьэлIэу зэлэжьхэр. Апхуэдэ фэилъхьэгъуэхэм лъабжьэ яхуищIащ адыгэхэм ди вагъуэ пщыкIутIыр, шабзэхэр, 1864 гъэ, накъыгъэм и 21 бжыгъэхэр, адыгэ фащэ зыщыгъ, Iэщэхэр зыпщIэхэлъ дзэзешэ цIэрыIуэхэм, лIыхъужьхэм я сурэтхэр е а зауэр уигу къэзыгъэкIыж Iуэхугъуэ гуэрхэм ятеухуа тхыгъэхэр. «Гуащэ», «шы къарэ», нэгъуэщI шэрджэс псалъэхэр е псалъэуха хъу тхыгъэхэр урысыбзэкIи инджылызыбзэкIи дыщэ Iуданэк Iэ щыгъынхэм тритхэурэ хедыкI, хьэрфхэр зэхэщIыкIыгъуэу икIи къеджэгъуафIэу. КIэщIу жыпIэмэ, и лэжьыгъэхэм шэрджэсхэм ятеухуа куэд хеухуанэ. КъищынэмыщIауэ, игъэхьэзыращ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр утыку зэритыну фэилъхьэгъуэхэр, бзылъхугъэхэм я сумкэ телъыджэхэр. И Iэдакъэ къыщIэкIа щыгъынхэмрэ хьэпшыпхэмрэ хуигъэув уасэр зэлъытар щэкIым и фIагъырщ.

- Зым и дежкIи щэхукъым иджырей ди фэилъхьэгъуэхэм дызэрыадыгэм и нэщэнэ гуэри зэрахомылъагъуэр. Жыжьэу узэIэбыкIыжмэ, адыгэхэм къахуэгупсысырт ахэр IэпкълъэпкъымI дахэу екIуу икIи зехьэгъуафIэу. Иджыри апхуэдэ зэфIэкI дызэриIэр си фIэщ мэхъу. Пасэрей фащэ дыдэхэр мыхъуми, абыхэм я кIапэлъапэхэр зыхэлъ, махуэ къэс щыптIагъэ хъун хуэдэу иджырей щыгъынхэр согъэхьэзыр, ди лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмкIэ согъэдахэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт си лэжьэгъу Балъкъэр Аслъэн си жэрдэмхэр къызэрыздиIыгъыр, дызэчэнджэщурэ ди Iуэхухэр зэрыдгъэкIуатэр. Гукъыдэж къызэзытыр абыхэм щIэупщIэ зэраIэрщ, цIыхухэм къызэращтэщ, си IэщIагъэр зэращхьэпэрщ, - жеIэ Заур.

БжьыхьэлIым и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэм и мызакъуэу, и гум и хуабагъэм, и псэм и къабзагъэм щыщ и лэжьыгъэхэм хелъхьэ. Аращ ахэр къыщIехъулIэм и щэхури. И псэм фIэфIу зи ужь ихьа мы лэжьыгъэм ар хуабжьу дихьэхауэ йолэжь. ГъэщIэгъуэныр, адыгэхэм къадэкIуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщи абыхэм къызэрыщIэупщIэрщ. КъехъулIэмэ, и Iэдакъэ къыщIэкIа щыгъынхэр зыщIэлъ тыкуэнхэр щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэIуихыну Заур и мурадщ.

Зыщыщ лъэпкъым и нэщэнэ гуэр зыхэлъ фэилъхьэгъуэхэр зезыхьэхэм ящIэ абы гупсэхугъуэрэ дэрэжэгъуэу къаритыр къызэрыIуэтэгъуейр. Аращ БжьыхьэлI Заур и лэжьыгъэхэр куэдым ягу щIыдыхьэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**






# «ХьэтIохъущыкъуейм» кубок нэхъыщхьэр къехь

**Грознэ къалэм дэт «Рамзан» футболымкIэ академием иджыблагъэ щекIуэкIащ топ джэгуныр зи IэщIагъэу щымытхэм я «Чемпионхэм я лигэ» урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIащ Адыгэ, Шэшэн, Дагъыстэн, Ингуш, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Мэзкуу, Дон Iус Ростов, Псыхуабэ, Владикавказ къалэхэм щыщ командэ 12 - псори зэхэту спортсмен 200-м щIигъу. Ар къызэригъэпэщащ Шэшэным Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм, «Молодёжные социальные инициативы» шэшэн щIыналъэ цIыхубэ зэгухьэныгъэм, а республикэм мини-футболымкIэ и лигэм.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР екIуэкIащ «Спорт - норма жизни» федеральнэ проектым хыхьэу. Абы щIидзащ 2019 гъэм и щIышылэм икIи спорт Iуэхугъуэ куэд къэрал псом къыщызэщIригъэубыдащ. Апхуэдэ къыхуеджэныгъэр зиIэ зэпеуэхэм я къалэн нэхъыщхьэр гъащIэ узыншэ езыхьэкI къэралым ис цIыхухэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIынырщ. Проектыр щIэдзапIэ хуэхъуащ цIыхубэ спортыр ипэкIэ гъэкIуэтэнымрэ ар егъэфIэкIуэнымрэ.

Саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэнхэр командэ плIырыплI зыхэт гупищу гуэшауэ щытащ. ПэщIэдзэ зэхьэзэхуэм кърикIуам ипкъ иткIэ къыхахащ финалым и Iыхьэ плIанэм щыджэгуну командийр.

Зыхэта гупми къыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэми щытекIуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ «ХьэтIохъущыкъуей» командэр финалым щыхуэзащ турнир зэпеуэм и адрей Iыхьэм пашэныгъэр щызыубыда Дон Iус Ростов и «Литокс»-м.

Джэгум хухаха зэман нэхъыщхьэр 1:1-уэ иухащ. ЗэIущIэ нэужь пенальтим нэхъ Iэзэу къыщыщIэкIащ «ХьэтIохъущыкъуейр» - 5:4.

Ди щIалэхэм къыхуагъэфэщащ кубок нэхъыщхьэмрэ дыщэ медалхэмрэ. Дон Iус Ростов къикIахэр етIуанэ хъуащ. Домбеякъ медалхэр къахьащ зэхьэзэхуэм и хэгъэрей «Ахмат»-мрэ Мейкъуапэ и «Oштен»-мрэ.

Зэхьэзэхуэм щагъэбелджылащ футболист нэхъыфIхэри. «ХьэтIохъущыкъуейм» щыщ Къущхьэ Хьэсэн псоми къыхагъэщхьэхукIащ. Гъуащхьэтетхэм къыхахащ «Литокс»-м хэт Зайнулабидов Александр, «Ахмат»-м щыщ Магомаев Керим гъуащхьэхъумэ нэхъыфI хъуащ. «Oштен»-м и футболист Мэзло Арсен гъуащхьауэхэм я пашэщ.

«Рамзан» футболымкIэ академием къыщызэрагъэпэща щытыкIэхэм я фIыгъэкIэ дэ едгъэкIуэкIыфынущ сыт хуэдэ зэхьэзэхуэри, - къыхигъэщащ академием и генеральнэ директор Шаипов Анзор. - Футбол губгъуэ джэгупIэхэм телъ алэрыбгъухэр нэхъыфIхэм ящыщщ. Ар псори диIэщ зэпыу имыIэу щIэгъэкъуэн къытхуэхъу Шэшэн Республикэм Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ министерствэм и фIыгъэкIэ. ТекIуахэми къыхэжаныкIахэми дохъуэхъу, фIыщIэ яхудощI хьэщIэхэм, етIанэгъи фыкъыдогъэблагъэ!»

**МЭЗКУУ Къан.**

# Сабий джэгупIэщIэ

**Налшык къалэ администрацэм и нэIэм щIэту илъэс зыбжанэ хъуауэ фэтэр зэтетхэм я бжэIупэхэр зэIузэпэщ ящI. Псом хуэмыдэу цIыхур щогуфIыкI сабий джэгупIэхэм.**

НАЛШЫК дэсхэмрэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэмрэ я чэнджэщи хэлъу «Дэшхуей хадэм» иджыблагъэ къыщызэIуахащ иджырей мардэхэм тет япэ сабий джэгупIэщIэр.

ЗэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, а щIыпIэм щыIа джэгупIэр зэрыцIыкIум къыхэкIыу анэадэхэм я сабийхэр я гъусэу ар къалъысыху пэплъэн хуей хъурт, иIэ Iэмэпсымэхэри куэд хъуртэкъым, а щыIэ тIэкIури, жьы зэрыхъуар наIуэу, теш-хыхьыпат. Зэзэмызэ мафIэгу зэпыщIа цIыкIу къыщихьэ щыIэти, нэхъыбэм ар я теупIэт.

Иджырей щапхъэм тет щIэгъэкъуэн «Iущхэр» зиIэ сабий джэгупIэщIэм видеокамерэхэр, Интернетым упызыщIэ хуэIухуэщIэхэр тетщ, уэздыгъэ дахэхэр и хъуреягъым щытщ.

Унэ зэтетхэм я бжэIупэхэр сабий джэгупIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа къэрал программэм хиубыдэу лэжьыгъэхэр нэхъыфI дыдэу къезыхьэлIа муниципальнэ IуэхущIапIищым хабжащ Налшык къалэ администрацэр. Мы Iуэхум хэтащ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэхущIапIэу 950-рэ. Апхуэдизым я деж бжьыпэр щызубыдахэм къыхуагъэфэщащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Управленэм и щIыхь тхылъхэр.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.841
Заказ №2322